

18 septanm 2020

Chè fanmi,

Nou swete oumenm ak pwòch ou yo sennesof ak ansante. M ap ekri jodia pou ba w nouvo enfòmasyon enpòtan sou kilè lekòl ap kòmanse.

Kòm ou konnen, depi plizyè mwa, n ap prepare pou reouvri bilding lekòl nou yo. Grasa noutout ak tout sa ou te fè pandan sis dènye mwa yo, to enfeksyon vil la ki ba a fè nou se sèl gwo vil nan peyi a ki kapab akeyi timoun nou yo retounen lekòl pou aprantisaj anpèsòn.

Menm jan ou te fè tout sa ki nesèsè pou plati koub COVID-19 la, nou te pran yon [angajman](#) anvè ou pou mete sante ak sekirite an premye. Se sa nou te fè – enspekte plizyè dizèn milye salklas pou bon vantilasyon; distribye plizyè milyon mask ak boutèy dezenfektan pou men ak kès materyèl pou netwaye; mete priyorite sou elèv ak anplwaye pou fè tès COVID-19 rapid; devlope yon pwotokòl pou tès rapid, karantèn, ak tras nenpòt lè nou ta ka wè aktivite COVID-19 nan lekòl nou yo; ak plis toujou.

Nou dwe kontinye respekte angajman sa a pandan nou vin pi pre pou ouvri bilding nou yo, lè nou konnen ane sa a mande plis materyèl, plis anplwaye, plis espas, plis enspeksyon, ak plis fòmasyon. Avèk sa, nou gen kèk nouvo enfòmasyon pou nou anonse sou kalandriye lekòl la.

Tout elèv toujou ap kòmanse enstriksyon atanplen jou Lendi 21 septanm lan. Bilding lekòl yo pral reouvri pou elèv nou yo avèk aprantisaj miks (an pèsòn nan lekòl la kèk jou nan semèn lan, ak adistans lakay, lòt jou nan semèn lan) ofiamezi, jan nou detaye l pi ba a. Men kalandriye ki revize pou kòmanse ane lekòl 2020-21 an:

- Timoun ki nan pwogram konplètman adistans yo ap toujou kòmanse ansèyman jounen konplè Lendi 21 septanm lan.
- Timoun ki nan aprantisaj miks (anpèsòn nan lekòl la kèk jou nan semèn lan, ak adistans lakay, lòt jou nan semèn lan) pral aprann adistans kòmanse Lendi, 21 septanm jiska dat lè y ap kòmanse anpèsòn lan jan nou mete sa pi ba a. Tanpri kontakte lekòl pitit ou a si ou gen kesyon sou ki lè pitit ou a ta dwe ale nan bilding lekòl la selon orè aprantisaj miks li a.

Elèv aprantisaj miks ki nan:	Aprantisaj anpèsòn ap kòmanse jou:
Nivo klas 3K ak Pre-K (nan nenpòt tip lekòl/aranjman klas)	Lendi 21 septanm
Distri 75 (tout nivo klas)	Lendi 21 septanm
<i>Dapre tip lekòl:</i>	
Elèv ki nan • Lekòl primè (K-5 ak K-8) (ladan elèv ki nan klas 6-8 nan lekòl K-8)	Madi 29 septanm
Elèv ki nan: • Lekòl presegondè (Klas 6-8) • Lekòl segondè (Klas 9-12) • Lekòl segondè (klas 6-12) • Lekòl transfè, edikasyon adilt, lekòl aswè, sant aprantisaj altènatif	Jedi 1ye oktòb
<i>Tip/aranjman lekòl ki mwens komen</i>	
• Elèv ki nan lekòl K-2 ak K-3	Madi 29 septanm
• Elèv ki nan lekòl K-12	Madi 29 septanm

Mwen konnen se yon chanjman dènye minit. Kriz sa a te mande anpil fleksibilite ak pasyans bò kote oumenm ak timoun ou yo depi nan kòmmanman an, epi mwen enpresyone pou jan ou kanpe pou fè fas avèk difikilte ak ensètitud epidemi sa a prezante. Tout sa nou fè se pou eseye bay estabilite ak sètitud, pandan n ap pwoteje sante ak sekirite vil nou an.

Mwen rekonesan anpil chak jou pou chak nan nou, ak angajman ou montre anvè timoun ou yo ak vil sa a. Anpil nan nou te fè konnen kijan nou pa ka tann pou rekonekte avèk kominote lekòl nou an - Mwen konnen mwenmenm tou mwen pa ka tann. Nou kwè tan anplis sa a pral ede asire tout lekòl yo ak tout edikatè yo nan pi bon pozisyon pou delivre bay yon anviwònman solid, san danje, ak plen sipò pou ansèyman ak aprantisaj fèt.

Mwen toujou di ke Vil Nouyòk gen pi bon elèv, pi bon anplwaye, ak pi bon fanmi nan mond lan, epi pa gen anyen k ap janm chanje sa - kèlkeswa lè a, kote a, al kòman n ap aprann lan.

Mèsi pou tout sa ou fè.

Avèk senserite,



Richard A. Carranza
Chanselye
Depatman Edikasyon Vil Nouyòk